SERAT TUMURUNING WAHJU MAJA



Mb. Keb. Ind.
Kon. Bat. Gen.
B : -
484.
no.1981.
1957.

BALAI PUSTAKA DJAKARTA

27 AUG. 1957

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kp 88.450

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B :-
484
no 1981
1957

SERAT TUMURUNING WAHJU MAJA

Ginubah déning wanita mardi basa Djawi

Radèn Aju H. Bangun Subrata

ing dinten Sabtu Paing kaping 5 wulan Ramelan Djimmawal. Tjandra sinengkalan Tata murti salira tunggal 1885 utawi kaping 8 Mei Surja sinengkalan: Kéblat tata djawataning nagara 1954

Kawedalaken déning
DINAS PENERBITAN BALAI PUSTAKA
DJAKARTA—1957

PERPUSTAKAAN
Lembaga Kebudajaan Indonesia
Bataviaasch Genootschap van
Kunsten en Wetenschappen
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kawedalaken déning :
Dinas Penerbitan Balai Pustaka

**
*

Pangetjapan :
Balai Pustaka — Djakarta

**
*

B. P. No. 1981
Hak Pengarang kaajoman ing Angger-angger

Rp. 5,—

Lemb. Kebudajaan Ind.
Bat. Gen. Perpustakaan
tanggal 7. 9. 1957
asal-usul No. 1964 A

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ISINIPUN

1. Semar dipun sukani anak kekalih, Garèng tuwin Pétruk déning radja gandarwa Bausasra ..... katja 5

2. Mandjanmanipun Hjang Maja ḍateng Semar ..... ,, 14

3. Prabu Brahmanaradja, Nata ing Gilingwesi sekel ing galih djalaran kèndeling djinantra ..... ,, 21

4. Tumurunipun Hjang Narada ḍateng negari Gilingwesi, metja ing bab sarana pulihing pradja..... ,, 31

5. Wulang Aṣṭabrata ..... ,, 37

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. Semar dipun sukani anak kekalih, garêng tuwin Petruk déning radja gandarwa Bausasra

1. RArasira winursita, DÈNnja meḍarken kintèki, Anawung madyaning pradja, JUwana amardi kawi, Hasasamta menawi, BAbasané kang tan runtut, NGUNtaraning sinengka, SUsetya pambudyèng dadi, BRAmintya tyas TAtanan ingkang winahjwa.

2. Puspita di tumaruna, andjrah tumibèng pratiwi, maksih kongas gandanira, mèt sudarsana piningit, wigatining dumadi, nadyan wredḍa muḍa tuhu, nanem jekti abakal: ngunḍuh wohé angemohi, mugi-mugi tetep ing pangandelira.

3. Wahjèng ngrenggani tjarita, satunggiling djanma tani, wasta Kjai Badranaja, tilas lurah kang palinggih, Ḍaḍapan ḍusun nenggih, bawah Wirata pradja gung, djuga atma tan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Semar (Badranaja).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gaḍah, mung pribadya tanpa kanṭi, panglipuré nggarap sawah lan gérongan.

4. Sregep tumemen ing karja, lumbungé wus kebak pari, singa ingkang ngambil angsal, lega lila trusing batin, tan darbé owel jekti, tetangga samja sih lulut, tetulung kasangsaran. Lamun wonten laré nangis, pan sinuwuk sana-lika mari béka.

5. Djanma sakit ingusadan, sauwat waluja sami, winastan ḍukun utama, kaṭah ingkang meminta sih. Dangu rinasèng pikir, tan wonten pituwasipun, malah supé manembah : ing Déwa ingkang linuwih, déning tamu késah ḍateng tanpa kendat.

6. Pan dadya lénaning drija, kirang nalang-sa ing batin, pinundi-pundi ing kaṭah, tan saged ngowahi takdir, sabarang tan ngrampungi, ladjeng osikirèng kalbu, nedya andon lelana, andjadjah wana mjang wukir, aneneḍa kanu-grahan ing delahan.

7. Minggah arga mandap djurang, wus tan wonten kang tinolih, subrata amesu raga, man-teb tékad tan gumingsir, tilar naḍah lan guling,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rangu-rangu kapirangu, prapta ing Nilandusa, wukir geng kelangkung wingit, pan ing ngriku karatonirèng gandarwa.

8. Putraning radja prawata, Bausasra kang bebisik, pan wus kalih putranira, saking ing garwa paminggir, langkung kutjiwèng warni, karana gus Kutjir Kuntjung, atmèng Ni Lutrung wilwa, warnanira wéwé putih, Radja Bausasra mangkja arsa krama.

9. Putri Parajangan Nata, aran Retna Anggastini, pan purun pinundut garwa, lan Bausasra Narpati, nanging jèn gadah siwi, gumantia dadi Ratu. Déné putra kalihnja, siningkirna ingkang tebih, lan Ni Lutrung inggih ugi kabutjala.

10. Radja Bausasra sagah, sapanjuwunnja Sang Putri. Ni Lutrung késah lan anak, nulja émah-émah malih, angsal Sang Kalarubi, brekasakan ing wana gung. Nulja putra kalihnja, wangsul ngarsaning sudarmi, nangis nggijeng datan purun tumut réna.

11. Wusana Ki Badranaja, anèng sangandap wit manggis, nggagas ingkang lelampahan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gesang tuna tan sesiwi, mupus pastèning Widḍi wus keladjeng wredḍa tuhu, rengeng-rengeng gérongan, kinarja panglipur pikir, astjarjèng tyas mijat asrining antjala.

12. Sutaning Radja gandarwa, kekalih nangis kepati, Sang Nata awas tumingal, mrepeki ngandika aris : ,,Tigas djanma kaèksi, anggana sampéjan ḍuh jun, apa ta karsanira, lawan sapa kang wewangi, ingsun minta djinarwan sedajanira."

13. Pan aris wangsulanira : ,,Kula tijang kang tetegil, wredḍa papa angumbara, ngénggar-énggar tyas mrih aring, datan sémah tan siwi, winastanan pandji-klanṭung, (1) nama pun Badranaja, ing nguni inggih prijaji." Sanga Prabu gandarwa ngrangkul lan suka.

14. ,,Jèn mangkono Kjai sira, sun paringi putra mami, kekalih pan sami prija, pasrah ing sira sedjati." Badranaja nauri : ,,Ndika bangsaning lelembut, pasrah maring manungsa : wredḍa sepen guna sekti." Nulja putra Kutjir Kuntjung tinimbalan.

15. Bausasra angandika : ,,Kutjir Kuntjung sun djarwani, Kjai tuwa tuhunira, sudarmanira

1) Tegesipun nganggur. B.P.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sedjati, ingsun mung ngepèk siwi, mangkja sun pasrahkan wangsul : maring wong-tuwanira, kudu miturut sajekti, lamun darbé pènginan njuwuna mring wang."

16. Agé Kjai sindènana, sutanira mrih tan nangis." Badranaja sesindénan, makaten dènira angling : „Ngrudjit puspita adi, warsiki lan sekar bakung, asirna madunira, kang nggubed ing ratu sekti, kembang nangka ora banda ora rupa.

17. Kembang abang sumarsana, srananing wong sukèng ati, witing gadung kang rumambat, rawé-rawé pinggir margi, ginajuh datan keni, kembang nodja lawan menur, wudjud widjang prasadja, Kutjir Kuntjung dadi widji, sun salini peparab dimèn waluja.

18. Nalagarèng Pétruk mangkja, tjep meneng nggèr adja nangis, kulon ana tjandik ala, mundak anduduti kutjir." Mingseg-mingseg gja guling, Ki Badranaja gumuju, sinèlèhken suketan, nulja amudjasemadi. Kuneng gantya tjarita ing Suralaja.

19. Wau ta Sang Hjang Ismaja, kang raka Sang Hjang Pramèsti, putranira Sang Hjang

PERPUSTAKAAN
Lembaga Kebudajaan Indonesia
Bataviaasch Genootschap van
Kunsten en Wetenschappen

Tunggal, wus peputra prija nenggih : sanga sami pinekik, déné Prampèswarinipun, Dèwi Kanastrèn wasta. Hjang Maja nawung prihatin, kang dèn èsṭi sedjarahing wédḍa-wédḍa.

20. Ngandika maring kang garwa : „Jaji sun djarwani jekti, urip anèng Kadéwatan, djinurung sakarsa dadi, sinung guna lan sekti, kawibawan kang linangkung, sinembah sining djagat, jèn tan nganggo subrata di, temah sirna manggon ing Tjandradimuka.

21. Jèku jamani ḍasarnja, salami tan bisa ngalih, wit meḍar wadining djagat, tan urub lamun pinikir, terang sagung dumadi, soroting Suksma linuhung, kalamun bisa nunggal, kaanan wangsul ing widji, tiwas-tiwas luwih tuna jèn ginagas."

22. Ingkang garwa atur sembah : „Purwanira kadospundi, wontenira pra Djawata." Kang raka ngandika aris : „Wit Nabi Adam nguni, putra ingkang midjil tjupu, aran Retnadumilah, sarining sesotya adi, dupi praptanira tigang atus dina.

23. Tjupu dimulja binuka, mèsi djabangbaji pekik, Nabi Sis peparabira, diwasanira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nglangkungi, lawan kadangé sami, saking Siti Kawa wau, kabèh putraning Adam, patang puluh djoḍo nenggih, wuwuh Siti Unus lan Nabi minulja.

24. Esis kekasihing Suksma, akrama sawusnja wantji, pepudjan Retna kumala, Dyah Mulat ingkang bebisik, nulja peputra kalih, kakung sami bagusipun, Sajid Anwas arinja : Sajid Anwar kang wewangi. Sajid Anwas tapa among ingkang karsa.

25. Taunan dènnja subrata, ingkang raji ngantya lalis, run-tumurun Sajid Anwar, nerahken kang para Nabi, ngantya tri atus warsi, tapa lir éjang rumuhun, baḍar apalakrama : kusuma putrining edjin, santun asma djedjuluk Sang Hjang Nurtjahja.

26. Apeputra kalih prija, Sang Hjang Wenang lan Hjang Wening, Hjang Wenang nulja peputra, Sang Hjang Tunggal kang bebisik, kramantuk putrining djin, kraton teleng samodra gung, Rekaṭawati Retna, iku ibuningsun jaji, garwanira Kangdjeng Rama Sang Hjang Tunggal.

27. Duk mbabar amidjil tigan, binanting Djeng Rama nguni, dadya bebaji antiga, ingsun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pinangka pangarsi, nulja jaji Pramèsṭi, Hèrlodra ingkang djedjuluk, samja ndèrèk ing Éjang, nèng Alang-alang kumitir, Kraton wungu onggjaning Suksmadimulja.

28. Jaji Pramèsṭi karsèng Hjang, kang murba djagat sekalir, dadya wakil rama éjang, wenang sinebut trimurti, ing Djonggring-Salaka di, nartani djagat sedarum, manungsa lan lelembat, saisining buwana di, wenang nggandjar kepareng murbawisésa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Mandjanmanipun Hjang Maja dateng Semar

1. Kasmaran wibawa mukti, dadi ing sakarsanira, wus kepareng ing Hjang Manon, jaji ingsun ginaḍuhan, sisaning wédḍa-wédḍa, sawidji binagé telu, ingsun mung tampa saduman.

2. Mematі anggung wijadi, memaju ajuning tjipta, sanityasa tyas tan sarèh, kèksi wetjanirèng wédḍa, sastra adi pratanḍa, pangleburaning arda gung, palupinirèng nalangsa.

3. Kèsi samaning dumadi, tinampi sabar nalangsa, mrih sinung waspadaning rèh, sawéganing lumaksana, praptèng don kang sanjata, maring sasana linuhung, kang satuhu tanpa pinḍa.

4. Kesiku djangkaning budi, rumasa kadudon tindak, ingsun antuk siku mangké, mandjanma mring Ngartjapada, sira jaji karia, mukti madyaning Swarga gung, kumpul lawan para putra.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Bętara Surja. Déwaning srengéngé, anakipun Semar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Dyah Betari matur aris : „Mung ndèrèk karsa paduka, datan suwala dasihé." Hjang Maja pan sipat warna, kadya wahju wilajah, mentjorong wilis sumunu, mandjing maring Badranaja.

6. Karsané arsa nulungi, maring putra wajah béndjang, nenuntun njamar lampahé, tan konus maring manungsa, saniskarèng kridanja, jajah majit amurtja wus, sari-sarining puspita.

7. Badranaja duk nampèni, panuksmanirèng Djawata, mèh datan kijat ragané, sanalika akantaka, dupi wus paripurna, sipating warna kedulu, resik ladjeng mawa praba.

8. Lepas panggraita lantip, nedya mring wukir Maéndra, marak pandita putriné, Betari Rukmawati ran, putri Hjang Antaboga, waskita sidik pandulu, priksa kang dèrèng winarah.

9. Nudju amedar semadi, lenggah ing balé pangarsa, andèr kang sumiwi manké, supenuh anékawarna, ngèbeki patjrabakan, adjar wasi lan manguju, tjantrik kelawan djedjanggan.

10. Pra éndang miwah dedungik, umjung suka-suka samja, kesaru wau sowané, Ki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Badranaja lan suta. Samja kagjat tumingal, kang wredḍa lema kelangkung, dedegé tjebol-kepalang.

11. Kang nèm kera langkung inggil, satunggal nḍèk alit pintjang, kang mijat gumudjeng kabèh, dyah Beṭari angandika : ,,Adja ginuju paḍa : kelamun ana tetamu, tampanen lawan prajoga.

12. Pan sami tumungkul adjrih, Panḍita Putri sung bagja : ,,Ki sanak madjua mangké, ing ngendi pinangkanira, apa ingkang sinedya, dèn sami kepénak lungguh, adja nganggo subasita.

13. Anggepen wisma pribadi, mung sami nggaḍuh kéwala, datan ana ing bédané. Sapa ta sinambat wasta, dèn madju lungguhira." Badranaja nembah matur : ,,Nama amba Badranaja.

14. Ḍukuh ing Ḍaḍapan : Gusti, ngaturken sugeng raardja, déné derenging dasihé, sedya njiswa Djeng paduka, suta kalih punika, sinaua unggah-ungguh, mrih uning mring tatakrama."

15. Jata wau duk mijarsi, Panḍita Putri ngandika : ,,Kabèh sun tarima mangké, sedya-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nira kang utama, ing pudya pangastawa, tampanana lan atmamu." Badranaja matur nembah.

16. „Kapundi kaping tri ketì, sabdaning Pandita wara, pinudji ing kasidané, dadyaa djimat kawula, donja praptèng don-mulja." Sang Pandita renèng kalbu, suta kalih pinaringan.

17. Gelang lan sangsangan klinting, pan badju kalawan sruwal. Pandita ngandika alon : „Kakang Badranaja sira, dèn djenak nèng pratapan, sadjatiné sun sumurup, kang dadi wosing sedyanta.

18. Ingsun minta sawab nenggih, dènira bisa anandang, kuwawi nanggulang mangké, mangrèh gumunggunging tjipta, ngasorken raganira, luhuring djiwa satuhu, amandjer salaminira."

19. Kuneng gantya kang winarni, ing Gilingwesi negara, nenggih kang djumeneng Katong, Sang Prabu Brahmanaradja, putranira Hjang Brama, nagari gung pandjang-pundjung, tetilaraning kang rama.

20. Duk ngédjawantah ing nguni, djumeneng ing tanah Djawa, muksa ginantyan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

putrané. Tjinatur resmining pradja, tan wonten kutjiwanja, langkung wibawa Sang Prabu, banḍa-banḍu binaṭara.

21. Kutjiwa déné marsudi, dadiné pangudyèng brana, ngindakaken radjadarbé, datan ngemungken dagangan, karsanira Naréndra, tri prakara renanipun, sapisan ananem pisang.

22. Saenggèn-nggèn dèn tanemi, nadyan marga datan sela, mung pisang lan tiris kabèh, lan malih ḍawuhing Nata, pepatjak unḍang-undang, sagunging narmada sinung : sarawungan situbanda.

23. Minangka panuban sami, kinarja misaja mina, ngenḍeg mina sesabané, binendung lan linarangan, kang sami amèt mina, amardi mrih ngrebdanipun, sagunging mina narmada.

24. Kaping tri remen memelik, mélik ngébor djedjomboran, ing guwa djurang mjang ngaré, apan sami kineḍukan, ginontoran ing tirta, ngupaja pelikanipun, punapa ingkang pinanggja.

25. Dupi ing antawis lami, antuk benduning Djawata, sasmita arsa rengkané, ndjro pradja wonten djinantra, sawidji kang djinan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tra, ingkang nglampahaken latu, jasanira Sang Hjang Brama.

26. Lan malih djinantra warih, punika nglampahken tirta, Sang Hjang Wisnu ijasané, malih kang djinantra badjra, dadya langkep tetiga, jasanira Sang Hjang Baju, mrih wewah manising pradja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3. Prabu Brahmanaradja, Nata ing Gilingwesi sekel ing galih djalaran kendeling djinantra

1. Duk ing nguni kang djinantra katri, pan kinarja patrapan wong dosa, minangka paukumané, kawula kang lampah dur, mjang sabarang tindak tan jukti, wusana kang pinanggja, dahuru tinemu, sabdaning Djawata tiga, sinaksènan geter pater kilat ṭaṭit, oreg ingkang buwana.

2. Kaṭah para kawula memetri, ngobar dupa : sareng djumenengnja, Sri Brahmanaradja mangké, djinantra pan dèn esuk, witing pisang kelawan tiris, marmané pra kawula, tan sami kekutug, saking panggalihing Nata, ing nagara kalamun kaṭah kang kasil, andadosaken rosa.

3. Amarengi ing mangsa Asudji, nulja kèndel lampahing djinantra, datan uning kamulané, Sang Prabu dahat wujung, animbali Sang Nindyamantri, ḍawuh paring pariksa, maring

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ari Prabu, Naréndra Purwatjarita, Sang Sri Mahapunggung tuwin ingkang raji, Basurata Wirata.

4. Sasampunnja Sang Naréndra kalih, sesarengan sowan ingkang raka, pan sami ndèrèk wiragé, tri rembag karsanipun, sowan maring Maéndra wukir. Marga datan winarna, samana wus rawuh, pratapan wukir Maéndra, Sang Pandita anudju meleng semadi, kang sesadji mawarna.

5. Semar Garèng Pétruk ngatjarani, rawuhira Naréndra tetiga : ,,Bagja kemajangan anggèr, Gusti sembahing ulun, saha kondjuk sugeng ardjanti." Suka Naréndra tiga, karenan andulu, Nabda Sri Brahmanaradja : ,,Semar Garèng Pétruk tampanana mangkin, pudya pangastawèng wang."

6. Sang Sri Mahapunggung tuwin Ari, Sang Sri Basurata ing Wirata, paring pangastawa mangké. Sami sukaning kalbu, Sang Pandita mudar semadi, lenggah madé utara, amanggihi Ratu, sanget amarwatasuta, tur bagjardja sinawung ing basa manis : ,,Anakmas dènnja prapta.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Sri Brahmanaradja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Kadya wonten wigati kang wingit, Nata tiga sareng rawuhira, ing semu nanḍang wiragé. Sri Brahmana umatur : ,,Ibu amung amba pribadi, ingkang nahen sungkawa, dé ri kalihipun, ing marma tumutur mangkja, amung baḍé mireng kang sabda Sang Jogi, tumut béla duhkita.

8. Angaturken sembah pangendjali, tuwin pangabekti salaminja, ari kalih datan paé. Déné ing prapta ulun, wigatinja atur udani, kèndelipun djinantra, tiga sareng wau, nguni sabdaning Djeng Rama, pan menawi kèndel baḍé rengka nagri, njuwun dèn tulakana."

9. Mèsem matur Sang Panḍita putri : ,,Ḍuh anakmas datan punapaa, mapan paduka sedyakké, sajekti Djawata gung, angidèni sedyaning dasih, kang remen kasugihan, miskin temahipun, anḍeging punang djinantra, apan saking kagubed ing ojod tiris, tuwin ojoding pisang.

10. Malihipun siti dèn keḍuki, karja risak namining negara, tur pradja darbèké ḍéwé, pantes makaten wau, diju ndjadjah ngedjègi nagri, sareng satrija tama, tan makaten wau, angudi ardjaning pradja, anggegulang guna prawiraning djurit, amrih widjajaning rat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Rat rumatira sanggjèng dumadi, rata ingkang amurbèng wasésa, menawi ta kinarsakké, risak déning Déwa gung, datan wonten kang nanggulangi, kedjawi amung pasrah, suménḍé mjang nglinḍung, maring Hjang kang amisésa, sampun gaḍah pangraos awrat ing galih, minḍak aminḍo papa.

12. Kang pratjaja panguwasa dadi, kasidaning lampahan sedaja, purna ruwating wiragé, susah kekembangipun, ingkang mardi saged nambahi, maring margi utama, kasidaning laku, kalawan pitulung lijan, datan saged pribadinipun manḍiri, ḍinusṭa mring kaniṣṭan."

13. Sanga Prabu Brahmana mijarsi, matrenjuh tyas kang tan padjamuga, karantan kaluputané, wit mélik purwanipun, angrisakken tengering nagri. Panḍita malih turnja : „Mangké anak Prabu, rengkané wus dugi putra, ladjeng béndjing mawiku wonten ing wukir, nanging darahta béndjang.

14. Run-tumurun madeg Nata Djawi, awibawa mbawani bawana, nguni wus djinangka déné, Hjang Brama lan Hjang Wisnu, darahira dadya sawidji, amanggih kawirjawan, nanging

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jektinipun, kedah agung ing subrata, pranataning pradja jekti amèt ing sih, kang tjotjog lan kawula.

15. Kabèh mung dadya sranèng dumadi, angagema kelangenan tiga, mangkja wus wonten ngarsané, Semar Garèng lan Pétruk, panakawan Déwa linuwih, tumut mranata pradja, binangun kang patut, Semar Kjai Badranaja ngantya prapta ngemong darahira béndjing, sawelas kang turunan.

16. Déné anak Prabu kalih nenggih, ugi kénging minta karjanira, menawi wonten perluné, datan paé saèstu, ing Wirata lan Gilingwesi, tuwin Purwatjarita. Kang pandjang saèstu, amung pradja ing Wirata, awit Nata gunawan manawur manis, maring wadya samoha.

17. Déné Badranaja kang kuwawi, angraosken raos kang sinandang, mulja papa datan paé, wadjib kinanti Ratu. Mung samanten ing atur mami." Nata tri sami nembah, nulja ngaras djengku, gantya-gantya : sawusira, ingkang ibu paring pudya pangastuti, kalawan sabda ardja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Nata tiga mundur saking ngarsi, Semar Garèng Pétruk atut wuntat, kelangkung suka manahé, déné suwita Ratu, tiga sami Batarèng bumi, nulja nabda Naréndra, nimbali Nindya nung, ḍawuh kinèn mbabadana, angresiki ndauti ojoding uwit, ngurugi leledokan.

19. Lan ndawuhken pra kawula sami, pan kepareng angupaja mina, mring narmada sedajané, malih mring wana gunung, apan pareng amikat peksi, nanging sadjroning pradja, tan pareng ḍinuḍuk, supadya resik warata. Kjai Badranaja ingkang mandégani, ḍawuh mring para wadya.

20. Samja suka manahing pra dasih. Sri Naréndra saben pendak tjandra, lumuntur agung danané, Wus ardja kang pradja gung, raji kalih kondur mring nagri, kalilan mring kang raka, sanget sukèng kalbu, mung andum basuki ardja, mjang nenuwun mring Hjang Ingkang Murbèng Pasti, Sang Sri Brahmanaradja.

21. Nulja djengkar umandjing djro Puri, pinapagken garwa Pramèswara, winartan : suka galihé. Karsanira Sang Prabu, Kjai Badranaja lan siwi, pinaringken kang putra, mrih among Sang Bagus, Rahadyan Brahmana: jèka,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Hjang Asmara Déwa katresnan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang ginaḍang tembé gumantya Narpati, mangku rat binaṭara.

22. Sri Naréndra utamèng penggalih, miwah antuk soroting prabawa, wahju Ismaja jektiné, prasetyanja Sang Prabu, mangkja datan arsa umelik, saniśkarèng tiningal, nadyan wanodya ju, kang tan kapareng ing Déwa, amung nedya nuhoni mring warsita di, kang tumanduk kotaman.

23. Surem soroting arka kelinḍih, jajah tumutur ing tyas dyatmika, tan rongèh anḍanḍang mangké, santosa djroning kalbu, pambukaning tjipta kang sutji. Wedal ari semana, Soma Manis nudju, Naréndra mijos sinéwa, Kjana Patih mjang sagunging pra Bupati, lan Nata Mantjapradja.

24. Pangranpati ingkang mungging ngarsi, ing Paglaran pepak para wadya, samja sumiwi bek anḍèr, ambèr kongsi supenuh, lir samodra amaratani, pepak sanggjèng punggawa, saenggon-nggon penuh, datanpa pilih tataran, kongsi prapta kang kawula alit-alit, sami angabjantara.

25. Ladjeng wonten wong kalih sing ardi, sami pépé nganḍap wringin kembar, Nata awas

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

paningalé, ḍawuh mring Gandèk ladju, kang apépé kérit ngarsa Dji, kelangkung adjrihira, anembah tumungkul, dinangu Sri Naranata : ,,Karanané sira pépé paran marmi.'' Kekalih matur nembah.

26. Gusti kang mangka pepundèn dasih, sowan amba ing bjantara Nata, mentas amemelik djené, ing wana Walahulu, amba manggih kang golèk rukmi, tinarètès sesotya, mutyara djumerut, tri kati ing bobotira, miwah tjupu isi kang ḍujung-sengkali, sumangga karsa Nata.''

27. Sri Naréndra mèsem ngandika ris : ,,Iku pan wus dadi begdjanira, wong loro ingkang aduwé, sira kepareng mundur.'' Sri Naréndra ing batos mélik, angandika djroning tyas : Jèn maksiha ingsun, melik: dadi darbèkingwang.'' Jèki ṭukul mélik pakolih lir lami, pugut utamaning tyas.

28. Nadyan tjipta wus anandang sisip, dyan prasetya mbangun kautaman, ènget mring kaluputané, mila umèndel mangu, temah tuwuh ing drija kingkin. Kesaru rawuhira, Hjang Kanékasunu, Sri Naréndra ngaras-pada, lir satatèng manggihi Baṭara luwih, Hjang Narada ngandika.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Tumurunipun Hjang Narada dateng negari Gilingwesi, metja ing bab sarana pulihing pradja

1. Ingsun nduduk ngédjawantah prapta kulup, mring karaton Gilingwesi, dinuta ing jaji Guru, amaringaken wédḍa di, mangka pambirating lamong.

2. Astabrata piwulang ageming Ratu, anggitanira Hjang Wening, pinaringaken Hjang Guru, duk ngédjawantah madeg Dji, purwakaning para Katong.

3. Agemira Naréndra kadya anjembuh, dinulu katon respati, dudu makuṭa lan kampuh, keris lan sangsangan adi, mung prabèng utamaning don.

4. Ing pamawas kautaman ingkang mungguh, kadya ilining kang warih, tan pegat sala-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

minipun, dadya sesekaring bumi, pakuning rat ingkang maton.

5. Datan remen mangrèh nging rena tetulung, tan mbédakken garwa siwi, pinidana lamun luput, pinḍa ḍumawahing riris, warata tan pilih enggon.

6. Angajemi mjang martani ing tumuwuh, nandukken krama memanis, legawa tan rengat kalbu, liringing nétra kaèksi, paḍang terus djroning batos.

7. Tan ketara kalamun adarbé kajun, kriḍaning pambudi wingit, ambeg dahana trinipun, misésa pinḍaning bumi, sakèh piala sirna doh.

8. Kang rerunggut binabadan amrih patut, kang peteng dipun paḍangi, murih dadining rahaju, bisa sarèh lan pangarih, semuning witjara maton.

9. Bisa ngulah pangarahira lumintu, bramantyanja nggegirisi, kagila-gila satuhu, lampahé datan ketawis, puwara wèh sukaning wong.

10. Kapat ambeg maruta pepinḍanipun, tan kenḍat mamriksa titi, anggung nginté panuksma

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Baṭara Narada.

PERPUSTAKAAN NASIONAL

gung, sarèh sasolahing djanmi, anjamar jekti tan katon,

11. Agal alus kalimputan ing pamengku, tan wates lampahirèki, pamrih tanpa tenger tuhu, guna wani guna maring : sesarenganing dumados.

12. Ring sasmita tan serik tinulak tuhu, péling mapinḍa surja di, sarèh ing sabarang tanduk, rèrèhing pangarah ririh, tan karana nétra katon.

13. Pralampita niskarèng pinriha tuhu, kataman surja ngenani, tan agé garing satuhu, saking tyas pangati-ati, ngarah karaardjèng djatos.

14. Ngarih-arih patrapira datan kaduk, tan rekaos kang nampèni, ping nem tjandra ambegipun, nor raga mèt prana jekti, sarèh sumèh ing pasemon.

15. Nétra wingit alus ing budi rahaju, prasadja jèn lampah sisip, prabawa asrep sawegung, kawaratan amartani, jèn misésa trapé alon.

16. Sumjarira amarisaken rum-arum, winastan dipaning bumi, sinembah samèng tumuwuh,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan wonten ingkang nimbangi, sinebut Djawata katon.

17. Déné sapta ambeging sudama kulup, nala susila tan gingsir, santosa pan teguh timbul, andrija niskarèng wantji, sedaja tan ana klédon.

18. Nora lèrèn nanggulang bebaja agung, datan lèmèr reké karsi, pitaja samudana ju, setya watjana kawidjil, wasana wasita tanggon.

19. Asta mendung maratani ing sedarum, anibakken kukum ngadil, tan pilih asih satuhu, pan dananira lumintir, nggandjar sawarnèng dumados.

20. Saranané anurunken udaja rum, njiram tanem-tuwuh sami, panggesanganing sawegung, kang sindu warsa umintir, tan saged pisah sapanon.

21. Sijasaté kalamun ana kang luput, dinenda lan pinisakit, gebjar tjalèrèt andulu, langkung terang lawan titi, kawontenan donja kaot.

22. Jèn wus terang kang ala lawan kang aju, pinidana ingkang sisip, kang betjik ginandjar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tuhu, kawuwuhan kang martani, kadya nugrahaning Manon.

23. Datan samar dadyaning sagung tumuwuh, amemanis ing pambudi, ageming sagung pra Ratu, astabrata kang piningit. Sumurupa kaki Katong.

24. Jèn tan antuk sarana pituduh aju, mengku rat amadalsumbi, luwung dumadia wiku, martapa putjaking wukir, jajah dwidja kaki Katong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Wulang Astabrata

1. Astabrata kang rinenggèng kawi, kawidjil ing batos, amemulet ing wuleting tyasé, kang apinda ilinirèng warih, tan pegat salami, lumuntur rahaju.

2. Kawruhana djenenging Narpati, nanggulang pakéwoh, wohing sedya kalap maring akèh, tambah-tambah utamaning pikir, laksita dumadi, tan langgeng sedarum.

3. Getun temen jèn tumibèng nistip, uriping kinatong, datan bisa ngadeg pribadiné, angandelken jajah réna ugi, sedulur tanapi, ngantya mitra karuh.

4. Jèku traping basa muda pingging, tan bisa kelakon, mangagengi pakarjan jektiné, datan pantes kinanti Narpati, kulina nenedi, sepen kawruh suwung.

5. Saja trapé kang mbantu negari, kalamun taledor, tan marsudi kawidjajaning rèh, dangu-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dangu kedeseg kang nagri, pan ketungkul sami, dènnja rebut wakul.

6. Lawan rebut misuwuring nami, binombong punang wong, pan kinurung pepeteng ing tyasé, dènnja mbantu pakarjan negari, supé dènnja mèksi, rebut ura-uru.

7. Jajah ruara dènira brangti, déning karoban rob, karerantan satata tan sarèh, lir sudjana sung wasitaning sih, kang memungu ati, sanityasa luntur.

8. Kjai Badranaja anjelani : „Duh Déwa kang katon, pandjang temen memarah wajahé, mindak mangké datan saged tampi, bok tjinekak kedik, ing wosira : rampung."

9. Wasita kang rinengga ing kawi, winangun lelakon, malah saged salah tampi mangké, muda punggung tan ngerti ing lungit, Astabrata adi, mung sami ginuju.

10. Rinèmèhken tan arsa mèngeti, sinambi gegujon, Hjang Narada angandika sarèh : „Bener kakang aturira sami. Kaki Prabu uwis, karia rahaju."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Ingsun bali makahjangan mangkin dèn bisa amomong, mring putumu mrih mituhu ing rèh. Sami nembah nuwun mring Déwadi, Hjang Kanékasiwi, mesat tan kadulu.

12. Palasṭa wus pangiketing tulis, panglipuring lamong, pra nupiksa Asṭabrata mangké, ginaliha lawan tyas kang wening, linimbang pribadi, pinenḍet kang djumbuh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BUKU BASA DJAWI BABARAN ENGGAL

SINTA

KAANGGIT DENING

SUNARNO SISWORAHARDJO

Lelampahan salebetipun djaman revolusi. Nengsemaken lan nrenjuhaken. Mawi dipun bebukani sedjarahipun kita Klaten.

B. P. 1985

Regi Rp. 6,—

Dinas Penerbitan Balai Pustaka
Djakarta — 1957

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Paulus

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B.P. No. 302—'55